

BAB II

DASAR-DASAR TIORI BIANBARA

2.1 Wangenan Biantara

Takhrudin (1991:13) nyebutkeun yén anu dimaksud biantara/pidato téh nya éta “suatu pembicaraan resmi yang isinya cukup penting untuk diutarakan dan disampaikan kepada pendengar yang jumlahnya relatif banyak”. Satuluyna Takhrudin ngajentrekeun ogé yén pidato téh minangka aksi ti panyatur pikeun nepikeun hiji hal sacara ngahaja jeung miboga sifat formal. Sedengkeun ngabandungan atawa nitenan kalawan saregep tur taliti minangka réaksi ti pihak pangregep. Pidato téh hiji cara anu bisa dijadikeun alat pikeun mangaruhan jelema loba (massa) sangkan miboga paham anu sarua jeung pihak panyatur.

Dina Kamus Umum Basa Sunda (KUBS) (1976:76) diterangkeun yén anu dimaksud pidato/biantara téh nya éta, nyarita atawa cacarita hareupeun balaréa. Biantara/pidato dina (KBBI) Kamus Besar Bahasa Indonesia (2002:871) diterangkeun nya éta: “1) pengungkapan pikiran dalam bentuk kata-kata yang ditujukan kepada orang banyak; 2) wacana yang disiapkan untuk diucapkan di depan khalayak”.

Suryadi (tanpa taun:5) nyebutkeun yén anu disebut biantara/pidato téh nya éta “penyampaian uraian secara lisan tentang sesuatu di hadapan massa”.

Tina wangenan diluhur nangtukeun kacindekan/kaputusan, sok sanajan ukur dina omongan minangka médiana. Nu galib dina biantara nu sipatna politik nya éta biantara kanagaraan, biantara parlemen, biantara kampanye, jeung sajabana.

2.2 Rupa-rupa Biantara

1. kasempetan nu tangtu

Kasempetan nu tangtu atawa husus, nangtukeun kana rupaning biantara anu kudu ditepikeun. Suasana dina kasempetan nu tangtu, biasana lumangsung akrab sarta para pamilon umumna geus pada wanoh, misalna baé biantara dina riungan kulawarga, dina sidang organisasi, jeung sidang para anggota jeung pimpinan perusahaan.

Rupaning biantara anu biasa ditepikeun dina kasempetan nu tangtu/husus upamana baé *biantara ngawilujengkeun, biantara pikeun méré motivasi, biantara sukuran, biantara bubuka, jeung biantara panutup.*

2. Kasempetan Resmi

Dina kasempetan anu resmi, biantara anu ditepikeun kudu singget, luyu jeung suasana anu resmi, jeung sasaran anu dituju leuwih nyoko pikeun ngagerakkeun perasaan.

Rupaning biantara dina kasempetan anu resmi umpana baé biantara *milangkala, biantara dina acara walimahan, biantara paturay tineung, jeung biantara ngistrenan.*

3. Pertemuan Informatif

Dipatalikeun jeung sasaran tina suasana informatif nya éta méré sarta ngabagi informasi atawa medar hiji masalah sacara ilmiah, biantara anu kudu ditepikeun mibanda sipat daria, ilmiah, obyektif, jeung rasional. Rupaning biantara informatif umpana baé *kuliah, ceramah, référat/makalah, pangajaran, jeung papatah.*

Luyu jeung pamadegan Hendrikus (1993:16) anu masing-masing biantara dumasar kana faktor anu ngarojongna, nu nyusun ogé miboga pamadegan nu sarua, yén biantara téh bisa dibagi jadi tilu rupa, anu unina nya éta:

- 1) biantara politik;
- 2) biantara forénsik; jeung
- 3) biantara épidetik.

Biantara politik nya éta biantara anu nétélakeun perkara masa depan (hirup pikahareupeun), biasana ditepikeunana téh ku badan nu baris nangtukeun aturan (badan législatif). Ku sabab kitu, orator politik merlukeun pangaweruh ngeunaan sistem pamarentahan.

Biantara forénsik nya éta biantara anu nétélakeun perkara anu nangtukeun penilaian paripolah anu geus kaliwat. Biasana ditepikeun di hareupeun badan anu mutuskeun atawa ngaragragkeun hiji putusan (pangadilan). Nurutkeun Aristotélés, sarta biantara kudu dumasar kana pangaweruh kasebut.

Biantara épidentik nya éta biantara anu netelakeun kajadian kiwari. Ieu biantara téh ilaharna sok dipaké dina *ngistrénan pejabat, salametan wangunan anyar, dina upacara-upacara nganuhunkeun ka nu geus boga jasa*. Lebah dieu, orator kudu nyangkem pangaweruh anu bisa muji, ngahormat, jeung sajabana.

2.3 Méthode Biantara

Tatahar anu dilakukeun dina waktu nyusun naskah biantara anu bakal dilisankeun, dina umumna sarua jeung waktu tatahar rék nulis. Bedana téh dina dua hal, nya éta: 1) dina biantara perlu merhatikeun gerak-gerik, sikep, sarta komunikasi langsung jeung anu ngaregepkeun, sedengkeun dina karangan tinulis éta hal teu kaperhatikeun; 2) dina biantara, nu ngaregepkeun teu dibéré kabebasan pikeun milih mana anu kudu diheulakeun jeung mana anu kudu dipandeurikeun; nu ngaregepkeun dipaksa kudu merhatikeun sakabéh pedaran, sedengkeun dina karangan tinulis nu maca bébas milih mana anu dianggapna bisa ngirut pikeun dibaca leuwih ti heula jeung mana nu bisa dibaca leuwih dipandeurikeun.

Tahap tatahar anu diperlukeun pikeun nyusun naskah biantara gumantung ogé kana méthode anu rék digunakeun dina prak biantara. Aya nu nyusun naskah sacara lengkep winangun karangan tinulis pikeun dibacakeun sacara gembleng dina prakna biantara, aya ogé nu ngan

saukur cukup ku nuliskeun idé atawa catetan gurat badag biantara nu dimekarkeun dina prakna biantara.

Topik caritaan kudu diluyukeun jeung métode anu arék dipedar. Sabab antara topik jeung métode biantara téh raket pisan patalina, sarta éta topik jeung métode téh bakal nangtukeun hadé gorengna biantara.

Nurutkeun Mulgravé anu dicutat ku Tarigan (1986:24) nyebutkeun yén aya opat rupa métode biantara/nyarita anu disebut *catur cara saji wicara*, anu unina: 1) nepikeun sacara ngadadak (*impromptu delivery*); 2) nepikeun tanpa persiapan (*extemporaneous delivery*); 3) nepikeun maké naskah (*delivery from manuscript*); 4) nepikeun tina ingetan (*delivery from memory*).

Pamadegan Mulgravé dina enas-enasna mah sarua jeung pamadegan anu ditétélakeun ku Kéraf (1983:316) yén métode biantara téh aya opat rupa. Ngan nu ngabédakeun téh dina lebah istilah. Kitu deui nu kapanggih nurutkeun Méidar jeung Mukti (1988:65). Pamadegan nétélakeun yén métode biantara téh aya opat. Di dieu, nu nyusun arék nyodorkeun pamadegan Rahmat (1992:17) sabada ditarjamahkeun Rahmat nembrakeun yén métode biantara téh sarua jeung pamadegan-pamadegan saméméhna anu kasebut, nya éta:

- 1) Métode Impromptu, nya éta métode biantara anu dipaké kalawan ngadadak. Upamana lamun urang ngaluhan anu keur boga hajat atawa pésta, kunu boga hajat atawa pésta dititah biantara bari teu dibéré heula iber ti anggalna.
- 2) Métode manuskrip, nya éta métode biantara anu ti mimiti nepi ka ahir biantara panyaturna maca naskah.

- 3) Méthode memoriter, nya éta méthode biantara anu ngagunakeun naskah sacara lengkep. Naskah diapalkeun kecap demi kecap, kalimah demi kalimah nepi ka apal cangkem dina prakna biantara.
- 4) Méthode ékstéporan, nya éta méthode biantara anu geus dirarancang saméméhna. Biantara geus disiapkeun saméméhna mangrupa gurat badag (**out-line**) jeung poko-poko pangdeudeul (**supporting points**). Éta gurat badag téh dijieun padoman pikeun ngatur gagasan anu aya dina pikiran nu keur biantara.

Opat méthode anu geus dibéréndélkeun di luhur ngabogaan kahengkeran jeung kaonjoran séwang-séwangan. Kahéngkeran jeung kaonjoran éta bakal dibéréndélkeun ieu dihandap.

Rahmat (1992:17-19) nembrakkeun sababaraha kahengkeran jeung kaonjoran tina tiap-tiap méthode, anu sabada ditarjamahkeun unina béréndélanana téh saperti ieu di handap:

1. Kaonjoran méthode impromptu aya sababaraha rupa, nya éta: bakal leuwih nembrakkeun rasa panyatur nu sabenerna; obrolan bakal karasa seger jeung hirup lantaran idé jeung pamadegan datang sacara spontan; jeung impromptu maksa sacara teu langsung sangkan nu nyarita terus mikir.
2. Kahéngkeran méthode impromptu, nya éta; bakal nimbulkeun kacindekan anu atah lantaran panyatur teu bisa mikir kalawan asak; bakal ngabalukarkeun nyaritana teu lancar; gagasan anu rék ditepikeun bakal acak-acakan jeung méngpar tinu sakuduna; jeung alatan teu siap, gedé kamungkinan keuna ku demam panggung.

Tarékah anu dilaksanakeun lamun milih méthode impromptu, nya éta;

1. Pikirkeun heula téhnik-téhnik anu hadé pikeun ngamimitian nyarita, upamana caritaan, hubungan jeung biantara saméméhna, ngayakeun babandingan, ilustrasi, jeung sajabana;

2. Tangtukeun sistem organisasi pesan. Upamana, susunan kronologis, téhnik pemecahan soal, rancang sosial-ékonomi-politik, hubungan téori jeung prakték; jeung
3. Pikirkeun téhnik nutup biantara sangkan aya kesan keur nu ngaregepkeun.

Kaonjohan métode manuskrip/naskah di antarana:

- 1) Kecap-kecap anu dipaké ngarupakeun kecap pinilih anu ngarojong kana eusi biantara anu rék ditepikeun;
- 2) Pernyataan bisa diirit, sabab manuskrip bisa disusun deui;
- 3) Kalancaran jeung kapaséhan nyarita bisa kahontal, sabab kecap-kecap geus diajangkeun ti saméméhna;
- 4) Bisa ngungkulan hal-hal anu sakiranan nyimpang; jeung
- 5) Manuskrip bisa dilobaan.

Kahéngkérana métode manuskrip:

- 1) Komunikasi jeung anu ngaregepkeun bakal kurang, sabab anu biantara dina nyaritana teu scara langsung jeung nu ngaregepkeun;
- 2) Ku biantara teu bisa ngawasa nu ngaregepkeun kalawan hadé, nu antukna nyaritana ogé jadi ngadégdég jeung geugeumeueun;
- 3) Umpan balik tinu ngaregepkeun kurang; jeung
- 4) Nyieun gurat badag naskah merlukeun waktu nu lila.

Tarékah anu kudu dilaksanakeun lamun urang rék maké métode biantara manuskrip nya éta:

- 1) Susun gurat badag biantara (*out-line*) sarta sayagikeun bahan-bahanna;
- 2) Tulis manuskrip siga urang keur ngobrol sarta gumakeun gaya nyarita nu daria;
- 3) Baca naskah sababaraha balik bari nyawang ka nu ngaregepkeun;

- 4) Naskah diapalkeun saliwat, sangkan urang dina prakna biantara remen ningal ka nu ngaregepkeun ti batan kana naskah; jeung
- 5) Sadiakeun manuskrip meunang ngetik ku hurup gedé, sangkan éces sarta babari macana jeung gunakeun ukuran tilu spasi.

Kaonjoyan métode mémoritér atawa métode ngapalkeun nya éta:

- 1) Kecap-kecap bisa dipilih kalawan taliti;
- 2) Caritana moal nyimpang tina rarancang; jeung
- 3) Ngabagi-bagi paningal ka nu ngaregepkeun bakal walatra.

Kahéngkérán métode mémoriter diantarana:

- 1) Teu komunikatif; dina harti komunikasi antara nu nyarita jeung nu ngaregepkeun kurang lancar;
- 2) Keur *persiapnana* merlukeun waktu nu lila; jeung
- 3) Nyarita bakal ngarandeg, lamun kecap-kecap atawa kalimah-kalimah anu geus diapalkeun poho.

Tarékah anu kudu dilaksanakeun lamun urang rék maké métode mémoriter, di antarana:

- 1) Naskah kudu disiapkeun kalawan bener-bener; jeung
- 2) Latihan biantara bari nyipta-nyipta suasana nu ngaregepkeun.

Kaonjoyan métode ékstemporan:

- 1) Komunikasi jeung nu ngaregepkeun bakal leuwih alus;
- 2) Nu biantara geus nyiapkeun catetan nu parenting;
- 3) Teu kudu nginget-ninget kecap-kecap deui; jeung
- 4) Pikiran geus museur kana hal-hal nu poko.

Kahéngkeran métode ékstemporan, di antarana:

- 1) Persiapan kurang hadé lamun nyieun gurung gusuh;
- 2) Basa anu dipilih atawa nu dipaké bakal goréng atawa kurang keuna/merenah;
- 3) Persiapan teu lancar, sabab hésé milih kecap-kecapna ari gurung gusuh mah; jeung
- 4) Lamun kitu carana, biantara bakal méngpar tina gurat badag (*out-line*) anu geus ditangtukeun.

Tarékah anu kudu dilaksanakeun lamun rék maké métode ékstemporan, di antarana:

- 1) Nyiapkeun gurat badag (*uot-line*) anu rék dicaritakeun; jeung
- 2) Nu biantara kudu tatan-tatan ti anggalna.

Lamun nilik kana pedaran ngeunaan kaonjoyan jeung kahéngkérangan unggal métode, euweuh nu goréng, sarta masing-masing ngabogaan kaonjoyan jeung kahéngkérangan séwang-séwangan. Éta mah gumantung ka nu makena. Ngan lamun nurutkeun pamadegan nu nyusun mah, nu pangalusna, lamun arék maké salah sahiji métode kudu diluyukleun jeung situasi nu rék disanghareupan.

2.4 Ciri-ciri Biantara nu Hadé

Aya sababaraha ciri nu bisa dijadikeun kritéria yén biantara téh miboga ajén hadé atawa goreng. Héndrikus (1993:48), sabada ditarjamahkeun nyebutkeun yén aya salapan ciri nu bisa dijadikeun ukuran naha biantara téh mibanda ajén hadé atawa goreng. Kasalapan ciri-ciri biantara kasebut, nya éta: 1) saklik; 2) jelas; 3) hirup; 4) ngabogaan tujuan nu jelas; 5) ngabogaan gaya klimaks; 6) diulang-ulang; 7) ngandung *surprise*; 8) ringkes tapi munel; jeung 9) aya variasi humor.

Ciri nu kahiji saklik. Biantara nu saklik nya éta biantara anu ngandung ajén bebeneran. Saklik ogé bisa ngandung harti yén aya hubungan anu raket antara eusi jeung formulasi biantara, nepi ka bisa nibulkeun rasa éndah pikeun nu ngargepkeun. Biantara nu saklik ogé méré

gambaran yén aya hubungan anu jelas antara *pembébéran masalah jeng fakta*, anu dipatalikeun jeung pamadegan pribadi.

Ciri nu kadua jelas. Biantara nu jelas nya éta biantara anu eusina bisa dipikaharti kunu ngaregepkeun, sarta henteu nimbulkeun tafsiran nu salah. Ku kituna, nu nyarita kudu bisa milih ungkara kalimah anu bener tur jelas saluyu jeung eusi biantara anu rék ditepikeun.

Ciri katilu hirup. Biantara anu hadé kudu hirup. Pikeun ngahirupkeun biantara biasana dipaké ilustrasi-ilustrasi, kajadian-kajadian anu rélevan pikeun mancing panitén tinu ngaregepkeun.

Ciri biantara nu hadé nu kaopat nya éta miboga tujuan. Biantara kudu miboga tujuan anu kudu dihontal. Tujuan bisa dirumuskeun dina pikiran-pikiran poko anu kaunggel dina rumusan-rumusan anu béda. Dina mawakeun biantara, tujuan kudu sering kasinggung sangkan nu ngaregepkeun teu kaleungitan naon sabenerna anu dipimaksud dina eusi biantara.

Miboga klimaks minangka ciri kalima biantara nu hadé. Biantara anu ngan saukur nataan ti hiji kajadian kana kajadian nu séjén di barung gaya nu monoton, bakal nimbulkeun rasa boson pikeun nu ngabandinganana. Pikeun nyinglarkeun rasa kabosen nu ngabandinganana, nu nyarita kudu bisa nyiptakeun titik-titik puncak dina gaya klimaks. Maksudna, sangkan bisa nimbulkeun rasa hayang nyaho jeung rasa kapanasaran nu ngaregepkeun.

Ciri nu kagenep nya éta dibalikeuin deui. *Pangulangan* atawa *rédundans* dianggap penting sabab ngaliwatan cara ieu nu ngabandingan biantara bakal leuwih ngarti sarta leuwih jelas ngeunaan eusi biantara. *Rédundans* anu dirumuskeun kalawan hadé bakal méré éfek hadé kana ingetan nu ngaregepkeun.

Ciri katujuh nya éta ngandung surprise. Biantara bakal leuwih narik lamun anu mawakeunana bisa ngahudang rasa kapanasaran jeung rasa hayang nyaho nu ngaregepkeun. Rasa

kapanasaran jeung rasa hayang nyaho pamiarsa bisa kahudang ku cara nu nyarita ngebrehkeun hal-hal nu ngandung *kejutan* (*surprise*). Hal-hal sarupa kitu bakal narik pikeun pamiarsa.

Ringkes tapi munel ngarupakeun ciri biantara nu hadé nu kadalapan. Biantara anu ringkes tapi munel nya éta biantara anu diwatesanan. Maksudna sangkan eusi biantara teu mébér nepi ka nimbulkeun déétna dina mesek eusi pedaran. Biantara anu diwatesanan, méré jalan nimukeun hiji biantara anu ringkes tapi munel.

Ciri nu kasalapan nya éta aya variasi humor. Variasi humor/bodor dina biantara miboga ajén anu penting. Humor bisa nyinglarkeun rasa kabosen pamiarsa. Tapi porsi humor dina biantara kudu diwatesanan sangkan nu nyarita teui dianggap keur ngabojég.

2.5 Persiapan Biantara

Persiapan-persiapan biantara anu kudu dilaksanakeun pikeun salah sahiji komposisi lisan, sarua jeung nyiapkeun komposisi tinulis. Tapi tangtu aya bédana. Dina hal komposisi lisan, nu biantara biasana langsung nyanghareupan balaréa, sedengkeun komposisi tinulis henteu langsung. Ku sabab kitu, pasti aya pasualan nu kudu diperhatikeun kunu rék biantara, nya éta kudu ngayakeun persiapan ti saméméhna.

Kéraf (1980:317) nyebutkeun, yén persiapan biantara téh bisa ngaliwatan tujuh rupa sarat saperti ieu dihandap:

A. Nalungtik masalah:

- 1) nangtukeun maksud;
- 2) nganalisis situasi/kaayaan jeung pamiarsa;
- 3) milih jeung ngawatesan topik;

B. Nyusun bahasan/pedaran:

- 4) ngumpulkeun bahan;

- 5) nyieun rarancang pedaran;
- 6) medar kalawan jéntré, nepi ka bubuk leutikna;

C Ngayakeun latihan:

- 7) latihan ku sora nu ngoncrang; jeung
- 8) ayana prosés dirékam

Wincikan nu dalapan rupa diluhur, teu mutlak kudu sagamblengna kitu, tapi diluyukeun jeung kabutuhan.

2.5.1 Nalungtik Masalah

Dina léngkah nalungtik masalah ngawengku sababaraha pagawéan, nya éta: 1) nangtukeun maksud; 2) ngaanalisis situasi/kaayaan jeung pamiarsa; jeung 3) milih jeung ngawatesanan topik.

2.5.1.1 Nangtukeun Maksud

Maksud anu rék ditepikeun dina biantara bakal kahontal ku jalan nangtukeun heula topik jeung tujuanana. Topik jeung tujuan ngarupa patokan nu jadi cecekelan naon nu rék dipédar kunu nyarita. Rahmat (1992:19) nyebutkeun

“Sebelum pidato, kita harus mengetahui lebih dahulu yang akan kita sampaikan, dan tingkah laku apa yang di harapkan dari khalayak kita. Dengan singkat, kita memerlukan pokok bahasan (topik dan tujuan). Antara keduanya terdapat hubungan yang erat”

Pamadegan Rahmat diluhur nétélakeun, yén lamun arék biantara kudu nangtukeun heula topik jeung tujuan. Hal ieu dumasar kana alésan sangkan puguh nu rék dipédar jeung puguh nu rék ditepikeunana dina waktu biantara. Antara topik jeung tujuan patalina kudu raket pisan, sabab topik jeung tujuan caritaan téh dua hal anu teu bisa dipisahkeun deui.

Pamadegan Rahmat téh luyu jeung pamadegan Kéraf anu nétélakeun yén antara topik jeung tujuan téh geus gumulung sarta teu bisa dipisahkeun deui nu hiji tinu séjnna. Kéraf ogé

nétélakeun yén topik jeung tujuan téh minangka: 1) pasualan dasar pikeun téma pedaran, sarta wujud tina éta téma; jeung 2) topik jeung tujuan, patalina raket pisan jeung tanggapan anu dipiharep kunu ngaregepkeun.

a. Milih Topik Biantara

Biasana lamun urang rék nangtukeun topik pikeun biantara téh sok ngarasa hésé, malah sok nepi ka bingung. Euweuh bahan picaritaen nepi ka sok ngarasa asa euweuh kamampuh pikeun nyarita di hareupeun jalma réa. Tarékah nu bisa dilaksanakeun kunu rék biantara sangkan teu ngarasa hésé jeung biungung dina milih topik, nya éta kudu paham heula kana pedaran picaritaan jeung nepikeunana.

Pamadegan Thompson anu dicutat ku Rahmat (1992:20) nétélakeun yén aya sababaraha sumber topik nu bisa dipilih pikeun nangtukeun topik. Sabada ditarjamahkeun, cara milih jeung nyusun sistematika sumber topik téh ngawengku:

1. Pangalaman pribadi
2. Hobi jeung kaparigelan
3. Pangalaman gawé atawa profési
4. Pangajaran sakola atawa kuliah
5. Pamadegan pribadi
6. Kajadian nu keur jadi sorotan publik
7. Masalah abadi
8. Kilasan biografi
9. Kajadian husus
10. Minat halayak.

Dina rék biantara téh lain ngan ukur milih topik jeung judul wungkul, tapi kudu inget kana kritéria-kritéria cara milih topik nu hadé. Kritéria nangtukeun topik nu hadé nurutkeun Rahmat (1992:22-23) nya éta anu bisa nyumponan kritéria:

1. Topik harus sesuai dengan latar belakang pengetahuan anda.
2. Topik harus menarik minat anda.
3. Topik harus menarik minat pendengar.
4. Topik harus sesuai dengan pengetahuan pendengar.
5. Topik harus terang ruang lingkup dan pembatasannya.
6. Topik harus sesuai dengan waktu dan situasinya.
7. Topik harus ditunjang dengan bahan yang lain.

b. Nangtukeun tujuan biantara

Lamun urang migawé hiji pagawéan, geus tangtu moiboga tujuan. Nya kitu deui lamun urng rék biantara, kudu puguh tujuanana. Sabab lamun biantara urang teu puguh tujuanana, geus tangtu tujuan urang nyarita moal kahontal sarta dina medar eusi caritanana ogé bakal pabaliut teu sistematis.

Rahmat (1992:22-25) nétélakeun yén aya dua tujuan dina biantara, nya éta tujuan umum jeung tujuan husus. Tujuan umum nya éta tujuan-tujuan anu ngawengku:

- 1) Tujuan **informatif**, nya éta méré nyaho sangkan nu ngaregepkeun nambahan pangaweruhna.
- 2) Tujuan **pérsuasip**, nya éta mangaruhan ka nu ngaregepkeun. Tujuan ieu biantara, nu ngaregepkeun dipiharep nambahan kanyahona, bisa nimbulkeun sumanget, sarta bisa dipangaruhan sangkan milampah pagawéan-pagawéan nu bener.
- 3) Tujuan **rékréatif**, nya éta pikeun ngahibur nu ngaregepkeun. Nu ngaregepkeun téh miharep hiburan ti nu keur biantara. Tapi kudu inget, maksud ngahibur dina biantara lain keur ngabojég, tapi variasi wungkul sangkan nu ngaregepkeun teu daria (dines) teuing.

Cindekna, dina keur biantara kudu dibarung ku gerakan atawa omongan-omongan anu ngandung humor.

Dina nangtukeun tujuan téh nu biantara kudu merhatikeun kana kepentingan anu ngaregepkeun atawa masarakat umum, sangkan naon-naon anu ditepikeun kunu biantara, kudu karasa mangpaatna kunu ngaregepkeun. Salian ti éta, wibawa ogé bakal nambahan.

Anu dimaksud tujuan husus ku Rakhmat nya éta tujuan anu mangrupa *penjabaran* tina tujuan umum sarta kudu nyoko kana tujuan umum.

2. 5.1.2 Nganalisis Situasi (Kaayaan) jeung Pamiarsa (nu Ngaregepkeun)

a. Nganalisis situasi (kaayaan)

Saméméh prak biantara, kudu merhatikeun heula kasang tukang pamiarsa. Kumaha kasang tukang kahirupanana, sarta kumaha situasi pamiarsa nu aya dina waktu harita? Sabab lamun teu merhatikeun hal kasebut, tujuan biantara bakal méngpar tina tujuan nu dipimaksud.

Di sagigireun ti éta, ti saméméhna nu biantara kudu nganalisis situasi nu bakal disanghareupan dina keur lumangsungna biantara, kumaha kaayaan tempat, jeung kumaha kaayaan disabudeureun pamiarsa.

Kéraf (1980:324) dina lebah nganalisis situasi nétélakeun:

Dalam menganalisis situasi ini akan muncul persoalan-persoalan berikut:

1. Apakah maksud hadirin semua berkumpul untuk mendengarkan uraian itu? Apakah pembicara menghadapi anggota-anggota perkumpulannya atau suatu massa berkumpul dengan suatu maksud tertentu? Atau, apakah mereka berkumpul itu secara kebetulan saja?
2. Pertanyaan kedua adalah adat kebiasaan atau tata cara mana yang mengikat mereka? Apakah mereka senang dan berani untuk mengajukan pertanyaan? Apakah mereka senang dengan pembicaraan yang formal atau informal?
3. Apakah ada acara-acara yang mendahului atau mengikuti pembicaraan itu? Bilamana berlangsungnya pembicaraan itu: pagi, siang, malam, sesudah atau sebelum perjamuan? Kalau ada acara lain yang mendahului pembicaraan itu, acara mana yang lebih menarik perhatian? Semua unsur situasi itu dapat dipergunakan dalam

- pembicaraan, dan pasti mempunyai daya tarik tersendiri untuk memikat para pendengar.
4. Dimana pembicaraan itu akan dilangsungkan? Di alam terbuka atau dalam sebuah gedung? Apakah pada saat itu hujan, mendung, atau panas terik? Hadirin duduk atau berdiri? Apakah suara pembicara dapat di dengar dengan baik atau tidak?

Tina pamadegan Kéraf di luhur, bisa dicindekkeun yén saméméh atawa keur biantara téh kudu merhatikeun (ngaanalisis situasi, tempat, waktu, jeung nu ngahadiran) sabudeureunana.

Patalékan-patalékan nu ditepikeun ku Kéraf éta téh hiji cecekelan pikeun ka nu rék ngalaksanakeun biantara dina nganalisis kaayaan. Ku kituna, lamun nu biantara bener-bener merhatikeun kana patalékan-patalékan sarta aya kasiapan pikeun ngungkulanana, hal ieu téh ngandung harti yén nu rék biantara geus bener-bener aya usaha pikeun nganalisis situasi (kaayaan) nu bakal kasorang engké dina prungna biantara.

b. Nganalisis Pamiarsa (nu Ngaregepkeun)

Aya sababaraha hal anu bisa dijadikeun patokan pikeun ngaanalisis pamiarsa. Langkah ieu téh bisa dimimitian ti saprak urang narima iber kudu biantara dimana. Urang bisa ngiker-ngiker saha baé nu bakal ngahadiran éta acara sarta ti golongan nu kumaha. Kéraf netelakeun yén lamun arék ngaanalisis pamiarsa, urang kudu merhatikeun kana naon nu disebut ayana data-data umum jeung data-data husus. Data-data umum nu bisa di paké pikeun ngaanalisis pamiarsa, nya éta: jumlah pamiarsa; **jenis kelamin**; umur; pagawéan; pendidikan, jeung kaanggotaan politik atawa sosial.

Jumlah nu ngahadiran bisa kanyahoan saméméh prungna biantara. Pikeun mikanyaho ngeunaan jumlah nu rék ngahadiran éta acara, nu rék biantara bisa nanyakeun ka panitia nu nyangking éta acara.

Jenis kelamin pamiarsa ogé kewilang penting. Naha nu ngahadiran téh awéwé wungkul, lalaki wungkul, atawa campuran? Ku mikanyaho **jenis kelamin** pamiarsa, hal ieu bakal

ngagampangkeun pikeun nu biantara dina méré ilustrasi nu saluyu. Poko nu kumaha nu sakirana dipikaresep awéwé, poko nu kumaha nu sakirana dipikaresep ku lalaki, sarta poko nu kumaha nu sakirana dipikaresep ku lalaki jung ku awéwé?

Umur pamiarsa ogé bakal milu nangtukeun. Umur bakal nagtukeun geus nepi ka mana kamampuh nu ngaregepkeun dina nyangkem poko-poko pikiran anu rék ditepikeun, sarta poko-poko pikiran nu kumaha nu sakirana luyu jeung umur nu ngaregepkeun.

Kalungguhan atawa pagawéan pamiarsa ogé bakal mangaruhan kana milih poko pikiran naon nu rék ditepikeun. Poko pikiran nu kumaha nu sakirana luyu jeung bisa **narik perhatian** ka nu ngaregepkeun.

Tingkat pendidikan atawa pangaweruh nu ngaregepkeun ogé perlu dikanyahoan. Sabab lamun nu biantara teu merhatikeun tingkat pendidikan nu ngaregepkeun, bisi kajadian poko pikiran téh luhur teuing pikeun pamiarsa atawa poko pikiran anu rék ditepikeun téh geus nyampak dina diri anu ngaregepkeun.

Kaanggotaan sosial politik ogé bisa nangtukeun. Naon nu jadi dasar sawangan nu ngaregepkeun ngeunaan rupa-rupa hal nu aya di masarakat, saeutik heunteuna kudu jadi bahan pertimbangan poko pikiran naon nu rék ditepikeun dina biantara anu luyu jeung kondisi anu ngaregepkeun.

Nu biantara, disagigireun kudu mikanyaho data-data umum, kudu mikanyaho data-data husus. Data-data husus téh ngawengku:

1. Pangaweruh nu ngaregepkeun ngeunaan topik nu rék dibiantarakeun: ngaliwatan data-data umum nu geu dianalisis, nu rék biantara kudu bisa ngukur geus nepi kamana pangaweruh nu ngaregepkeun ngeunaan istilah-istilah nu sok dipaké. Sabab lamun ieu hal teu katiténan, bisi kajadian topik biantara nu ditepikeun téh teu luyu jeung tingkat pangaweruh pamiarsa.

2. Minat jeung kahayang pamiarsa ogé kudu bisa diukur pikeun ngawasa balaréa. Nu biantara kudu mikanyaho naon nu dipiharep kunu ngaregepkeun, sarta kudu bisa ngaluyukeun antara poko pikiran nu rék dibawakeun dina biantara jeung pangabutuh atawa hareupeun pamiarsa. Gelarna pangabutuh jalma biasana gelar dumasar opat motif poko, nya éta:

- (1) unggal jalma hayang ngajaga kasalametan dirina sarta kaséhatan jasmanina;
- (2) unggal jalma hayang ngasaan nikmatna hirup bébas jeung merdeka;
- (3) unggal jalma hayang ngabéla diri tina sagala ancaman nu ngabahayakeun diri jeung harga dirina;
- (4) unggal jalma miharep hirup senang jeung panjang umur.

Pamiarsa pasti miboga salah sahiji tina motif-motif anu geus kasebut diluhur. Dina ieu hal, diperedih kaparigelan nu biantara pikeun ngigelan antara kahayang, kabutuh pamiarsa, jeung topik atawa poko pikiran nu rék dibiantarakeun.

3. Sikep pamiarsa kana topik biantara bisa kanyahoan lamun nu biantara geus nyaho kana motif pamiarsa, jeung bisa neuleuman kristalisasi pangalaman dina kahirupan pamiarsa. Sikep pamiarsa bisa hadé, dina harti ngandung perhatian atawa bisa ogé apatis kana topik nu di biantarakeun. Ka nu biantarana sorangan pamiarsa bisa boga sikep ngakuran, bisa ogé ngamusuhan. Ieu hal gumantung kana rasa deukeut jeung rasa hormat pamiarsa ka nu keur biantara.

Sabab nu biantara ngaanalisis situasi jeung pamiarsa, nu biantara bakal miboga hiji kacindekan nu jadi dasar pikeun nagtukeun kumaha kuduna nu biantara nyaluyukeun diri. Tujuan nyaluyukeun diri ieu nya eta sangkan pamanggih nu biantara ngeunaan hal anu dicaritakeunana, saluyu jeung nu ngaregepkeun. Lamun geus aya kasaluyuan samodél kitu, tujuan biantara tinangtu bakal kahontal.

2.5.1.3 Milih jeung Ngawatesan Topik

Masalah nu rék dipedar dina biantara biasana geus ditangtukeun ti tanggalna, naha kupihak panitia atawa ku nu ngogan pikeun biantara. Tapi mindeng masalah (topik) nu rék dipedar dipasrahkeun sageublengna ka nu rék biantara.

Milih jeung nangtukeun hiji topik, kudu diluyukeun jeung sipat gempungan, maksudna gempungan, situasi (kaayaan) disabudeureunana, jeung saha kumaha anu rék ngahadiran. Masalah atawa topik nu rék dipedar tong lega teuing, tapi kudu diwatesanan. Ieu hal téh disagigireun pikeun nyinglarkeun pedaran nu atah, ogé pikeun nyaluyukeun jeung waktu nu geus ditangtukeun.

2.5.2 Nyusun Bahan Pedaran

Dina langkah nyusun pedaran, ngawengku sababaraha tahap pagawean nya éta:

2.5.1.1 Ngumpulkeun Bahan

Saméméh prak biantara, nu rék biantara salawasna kudu awas ngeunaan informasi-informasi anyar. Sabab pikeun ngolah tema nu rék dibawa kahareupeun balaréa, lain ngan saukur ngandelkeun sumbangan pikiran nu asalna tina pangalaman jeung tina élmu pangaweruh wungkul, tapi ogé perlu disarungsum deui ku bahan-bahan ti sisi ti gigir nu bisa leuwih ngajembaran téma nu rék dipedar.

Héndrikus (1993:32) sabada ditarjamahkeun, nétélakeun sababaraha hal anu bisa dijadikeun sumber bahan pikeun biantara, di antarana:

a. Kartu téks atawa buku harian husus

Kartu téks atawa buku harian husus bisa dijadikeun sumber biantara pikeun maranéhanana nu sok biasa nuliskeun kajadian-kajadian, informasi-informasi, jeung hal-hal anu méré kesan nu jero, nu dianggap penting dina kahirupan.

b. Sumber-sumber bahan nu aya dina biblioték, surat kabar, majalah, buku-buku, katalog, brosur, tempat paméran, radio, jeung télévisi.

c. Maca jeung téhnikna

Maca jeung téhnikna, maksudna, ku ngaliwatan maca urang bisa manggihan sumber bahan pikeun biantara. Tapi maca ogé perlu téhnik anu husus, nya éta ngaliwatan ku cara maca kalawan kasadaran jeung daya titén anu luhur.

d. Bantuan ti pihak séjén

Téma biantara nu ku urang rék dibahas bisa diadurenyomkeun heula jeung pihak séjén nu sakirana leuwih paham, naha eta mah jeung batur sakantor, batur saorganisasi, kulawarga, atawa saha waé anu ku urang dianggap leuwih paham.

e. Tempat-tempat nu didatangan

Tempat-tempat nu ku urang didatangan bisa jadi bahan pikeun biantara. Komo deui lamun urang ngadatangan tempat-tempat nu miboga ajén sejarah, ajén spiritual, jeung ajén budaya. Kalan-kalan tempat samodél kitu sok bisa méré informasi pikeun nu ngadatanganana.

f. Daftar Litératur

Daftar pustaka dina alur karangan ilmiah kawilang sumber nu hadé, sabab bisa méré pituduh ngeunaan buku-buku séjén nu satéma.

g. Radio jeung Télévisi

Média komunikasi samodél kieu bisa leuwih ngeuyuban bahan nu ku urang rék dibiantarakeun

h. Toko Buku

Sumber informasi séjen nu kawilang lengkep nya éta took buku. Komo deui lamun toko bukuna kaasup toko buku gedé, biasana sok dilengkepan ku daftar katalog.

- i. Buku-buku penting séjénna anu sakirana ngadeudeul kana kalancaran biantara, upamana ngeunaan buku-buku paribasa, gaya basa, rétorika, sifat-sifat jelema, jeung saterusna.

2.5.1.2 Nyieun rarancang Pedaran

Sangkan leuwih ngagampangkeun ka nu rék biantara, alusna nu rék biantara nyieun rarancang pedaran leuwih ti heula. Dina langkah nyieun rarancang pedaran ngaliwatan tahapan gawé, di antarana: 1) nyusun bahan keur biantara; jeung 2) nyieun **out-line** (gurat badag) biantara.

Kahiji, téhnik nyusun bahan keur biantara. Rarancang pedaran nu hadé lain rarancang nu dijieun sakali jadi. Nu rék biantara sangkan bisa ngahasilkeun rarancang pedaran anu hadé kudu ngaliwatan sababaraha tahap gawé, dina harti nyieun pedaran téh kudu ditalungtik sababaraha balik nepi ka ngahasilkeun hiji pedaran nu dianggap ringkes tapi munel.

Ngararancang pedaran ogé kudu merhatikeun aspék psikologis pamiarsa (nu ngaregepkeun). Kondisi psikologis nu umum ti pamiarsa nya éta yén pamiarsa téh leuwih titén kana naon nu dicaritakeun dina mimiti nyarita. Konséntrasi pamiarsa saterusna nurun sok sanajan topik nu dicaritakeun beuki ngirut. Lamun nu biantara geus téréh réngsé, biasana konséntrasi pamiarsa naek deui.

Dumasar kana analisis aspék psikologis samodél kitu, Kéraf (1980:332) nétélakeun ngeunaan téhnik-téhnik nyusun pedaran pikeun biantara. Téhnik nyusun pedaran nu ngamangpaatkeun aspék psikologis pamiarsa, saperti béréndelan ieu dihandap:

- a. Mimiti dina bagian panganteur pedaran, nu biantara kudu miboga salah sahiji **orientasi** ngeunaan hal-hal anu rék dipedar, sarta kumaha narékahanana pikeun ngajéntrékeun unggal

bagianana. Lamun nu ngaregepkeun geus meunang gambaran jeung kesan ngeunaan wincikan anu geus dibéréndélkeun kalawan hadé, tangtu nu ngaregepkeun bakal leuwih tatan-tatan sarta enya-nya pikeun ngabandingan caritaan urang.

- b. Sanggeus nepi kana pedaran, nu biantara kudu bener-bener ngutamakeun hal-hal anu penting, sakumaha anu geus dicaritakeun dina bagian awal caritaan tadi. Unggal hal anu diutamakeun téh, kudu dijéntrékeun ku katerangan-katerangan nu écés.
- c. Dina ahir pedaran (mungkas pedaran), nu biantara kudu nyindekeun sakabéh pedaran tadi, supaya nu ngaregepkeun meunang gambaran kalawan gembleng.

Tina pamadegan Kéraf ngeunaan téhnik nyusun pedaran beunang dicindekeun yén aya hubungan nu raket antara nyusun pedaran jeung prakna biantara. Parigel nyusun pedaran, nu biantara ogé kudu parigel dina cara muka carita, medar jejer atawa bahan, jeung cara nyindekeun bahan nu dipedar. Dua hal ieu téh ngarojong pisan pikeun nu ngaregepkeun sangkan bisa meunang gambaran ngeunaan pedaran kalawan gembleng.

Kadua nyieun **out-line** (gurat badag) biantara. Gurat badag atawa **out-line**, kacida pentingna pikeun nu rék biantara, boh keur nu geus ahli atawa acan. Gurat badag mangrupa alat pikeun jadi padoman dina nyarita. Gurat badag ogé bakal ngécéskeun hal-hal nu rék dipedar, sarta bakal ngarojong kana maksud biantara.

Rahmat (1992:43) geus nétélakeun ngeunaan padoman nyieun gurat badag biantara, anu jéntréna saperti ieu dihandap:

1. Gurat badag mibanda tilu bagian nya éta: panganteur, eusi, jeung panuup.
2. Lambang nu dipaké pikeun ngebrehkeun bagian-bagian pedaran, teu meunang matak ngabingungkeun. Sistem lambang aya dua cara, nya éta: a. sistem angka; jeung b. sistem kombinasi.

a. Sistem angka

1. -----

1.1 -----

1.1.1 -----

1.1.2 -----

1.2 -----

1.2.1 -----

1.2.2 -----

2. -----

b. Sistem kombinasi

I. -----

A. -----

1. -----

a. -----

1) -----

(a) -----

(b) -----


2) -----

b. -----

2. -----

B. -----

II. -----



2. Pikiran pangojong jeung panglengkep, cara nulisna dibedakeun. Sedengkeun **pernyataan** anu mibanda kalungguhan nu sarua, ditulisna dina sagaris **vértikal** (garis nu sarua). Kitu deui panglengkep sejenna.

2.5.1.3 Medar Pedaran Kalawan Jéntré

Dina mesek eusi pedaran, nu biantara kudu mesek eusi nepi ka bubuk leutikna. Medar eusi pedaran kudu luyu jeung nu geus dirarancang ti saméméhna, mana nu kudu ditepikeun dina bubuka, mana nu kudu ditepikeun dina mesek eusi, jeung mana nu kudu ditepikeun dina ahir pedaran. Unggal bagian meredih kaparigelan pikeun nu rék biantara, naha dina lebah muka biantara. Éta kparigelan téh kudu dipibanda saméméh prak urang biantara.

Sakumaha anu geus dijéntrékeun ku Kéraf, yén dina prakna biantara, urang kudu merhatikeun aspék psikologis pamiarsa. Pamiarsa biasana neundeun daya titen anu luhur dina awal biantara jeung dina rék mungkas biantara. Ku sabab kitu, urang kudu bener-bener merhatikeun kumaha muka biantara jeung kumaha nutup biantara. Aya téhnik-téhnik nu tangtu ngeunaan cara muka jeung cara nutup biantara. Leuwih jéntréna ngeunaan téhnik di luhur dijéntrékeun ieu di handap:

a. Cara Muka Pidato

Bubuka dina biantara téh ngabogaan kalungguhan nu penting sarta nangtukeun pisan kana kasuksesan anu biantara. Gagal dina bubuka bakal ngaancurkeun sakabéh komposisi jeung présentasi biantara. Sabalikna, lamun urang suksés dina bubuka, pangaruhna bakal hadé kana biantara saterusna.

Tujuan utama tina bubuka nya éta ngahudang **perhatian (paniten)**, ngajéntérkeun kasang tukang pedaran, jeung nyiptakeun **kesan** nu hadé ngeunaan komunikator. **Kesan** mimiti bakal nagtukun sikep pamiarsa, naha narima atawa nolak. Ku kituna, dina ngamimitian prak muka

biantara kudu pinuh ku kadariaan nepi ka katembong mantep, mampuh jeung ngawasa permasalahan, sarta ngabogaan wibawa.

Hal anu kudu dilaksanakeun dina mimiti biantara, dijelaskeun ku Éfendhy (1984:53) ieu di handap:

“Bahwa pidato sebaiknya dibuka (diawali) dengan ucapan salam pembukaan, misalnya “merdeka”, “Assalamualaikum warrahmatullah wabarakatuhu” (jika hadirin lebih banyak yang beragama islam).”

Pamadegan Éfendhy di luhur bener pisan, yén lamun arék biantara, saméméh ngedalkeun hal-hal anu arék dicaritakeun téh kudu ngalisankeun salam heula. Satuluyna, urang nepikeun salam hormat jeung ngahturkeun nuhun kana kasumpinganana.

Rahmat (1992:53-59) sabada ditarjamahkeun nyebutkeun, yén dina muka biantara téh gumantung kana topik, tujuan, situasi, paregep, jeung hubungan antara komunikator jeung komunikan. Cara muka biantara bisa dimimitian ku:

- 1) Langsung nyebutkeun poko masalah, nya éta komunikator langsung nyebutkeun hal anu arék dibiantarakeun sarta ngajéntrékeun rarancang pedaran.
- 2) Ngagambarkeun kasang tukang masalah anu rék dipedar, maksudna komunikator ngagambarkeun kasang tukang masalah, ku naon timbul permasalahan samodél kitu jeung naon hubunganana jeung pamiarsa.
- 3) Matalikeun jeung kajadian nu keur jadi poseur paniten balaréa, hartina kalawan matok kana kajadian nu keur jadi puseur panitén massa, urang ngabogaan lolongkrang pikeun ngasupkeun idé-idé urang.
- 4) Matalikeun jeung kajadian nu keur dipiéling. Bisana hal ieu dilaksanakeun dina biantara-biantara pikeun miéling poé-poé anu ngandung ajén sajarah.

- 5) Matalikeun jeung tempat urang biantara. Tempat lumangsugna urang biantara bisa dijadikeun puseur pamiangan urang biantara ku jalan ngungkab hal-hal nu aya patalina jeung éta tempat.
- 6) Matalikeun jeung suasana émosi massa. Suasana sedih atawa suasana gumbira mawa cara nu béda dina mimiti muka biantara. Kalawan ku didasaran ku émosi massa, urang bisa sacara gampang mawa massa kana idé nu rék di biantarakeun.
- 7) Matalikeun jeung kajadian sajarah. Komunikator ngamimitian biantarana ku jalan mawa komara kajadian-kajadian sajarah.
- 8) Matalikeun jeung pangabutuh utama massa. Kalawan matalikeun pangabutuh utama massa jeung topik biantara urang, urang bisa mimiti muka biantara bari ngalibatkeun massa langsung.
- 9) Méré pangajén ka nu ngaluhan patalina jeung préstasi nu geus kahontal. Bubuka kalawan ngajén ka nu ngaluhan bakal méré **kesan** nu istimewa pikeun pamiarsa.
- 10) Méré patalékan anu provokatif. Patalékan anu hadé ngadorong pamiarsa pikeun nimukeun jawabanana. Patalékan nu diajengkeun dina ngamimitian biantara kudu nu aya patalina jeung eusi pidato sarta jeung kapentingan pamiarsa.
- 11) Nepikeun cutatan. Cutatan bisa dicokot tina ucapan pajabat atawa inohong, sair, puisi, tulisan nu kawentar, atawa tina kitab-kitab suci.
- 12) Nyaritakeun pangalaman pribadi. Pangalaman nu biantara nu dianggap bisa ngirut nu ngaregepkeun, bisa dipaké muka dina mimiti biantara.
- 13) Medar carita faktual, fiktif, atawa situasi hipotésis. Manusa, hususna pamiarsa, resep lamun dibawa ngabayangkeun situasi rékaan naha mangsa kiwari atawa mangsa nu bakal datang.

- 14) Nepikeun tiori anu geus diaku benerna. Supaya leuwih narik, tiori anu ditepikeun kudu relevan jeung poko nu rék dipedar sarta nepikeunana kudu sacara dramatis
- 15) Nyiptakeun atawa nyieun Suasana humor. Muka biantara ku cara ieu mangrupa cara muka nu panghéséna. Lamun hasil muka biantara ku cara ieu, bakal mawa kasugemaan pikeun nu biantara jeung pikeun massa, tapi lamun gagal, bakal mawa rasa kuciwa anu gedé pikeun komunikasi jeung komunaikator.

Disagigireun ayana rasa kasaluyuan antara nu biantara jeung nu ngaregepkeun, téhnik muka biantara ogé bakal mangaruhan kana hadé gorengna biantara. Lamun bubuka (ngamimitian) kunu teu dipikaresep nu ngaregepkeun, bakal mawa pangaruh satuluyna. Nu biantara bakal dipoyok jeung sajabana, anu ahirna nyarita jadi gugup, nepi ka jalan caritaan, teu puguh éntep seureuhna.

Kusabab kitu, saméméh prak nyarita kudu geus nyangking heula sistematika jeung téhnikna, sangkan dina prakna nyarita lancar.

b. Cara Nutup Biantara

Bubuka jeung mungkas biantara mangrupa bagian-bagian penting dina biantara. Lamun dina bubuka, nu biantara kudu bisa nganteur sarta ngirut panitén ti pamiarsa sarta dina nutup biantara, nu biantara kudu bisa mawa pamiarsa museurkeun pikiran kana gagasan poko atawa kana kacindekan tina pedaran biantara.

Aya sababaraha cara nutup biantara. Di antarana waé Évendhy (1984:60) geus ngajentrekeun saperti ieu di handap:

“Di dalam menyampaikan bagian akhir pidato, jika dianggap perlu si pembicara memberikan kesimpulan isi pidato secara ringkas, bersikap himbauan, nasehat, ucapan, do’a, semangat juang dan menjelaskan apa manfaat topik yang ditegaskan/ditekankan oleh pihak penyelenggara”

Cara nutup biantara anu dijelaskeun ku Évendhy, miboga maksud sangkan eusi biantara bisa leuwih jéntré. Salian ti Évendhy, Rakhmat (1992:59-63) ogé sabada ditarjamahkeun yén cara nutup biantara téh bisa ku cara:

1. Nyindekeun pedaran

Lantaran kamampuh nginget pamiarsa kawatesanan, jadi poko-poko utama kudu diulas jeung dijéntrékeun deui.

2. Ngajéntrékeun deui ngeunaan poko-poko pikiran biantara kalawan ngagunakeun kalimah anu béda jeung kalimah saméméhna.

3. Ngadorong **massa** sangkan ngalaksanakeun hal-hal anu ditandeskeun. Cara ieu biasana ayana dina biantara pérsuasip, ngadorong massa/pamiarsa pikeun ngalaksanakeun hal-hal anu dipiharep sakumaha eusi biantara urang.

4. Mungkas biantara maké gaya klimaks

Bagian ahir biantara ngarupakeun puncak tina sakabéh pedaran. Biasana pedaran leuwih penting sarta merlukeun panitén nu bener-bener daria ti pamiarsa.

5. Nepikeun cutatan sajak, kitab suci, paribasa, atawa ucapan ahli. Cutatan bisa nambah daya tarik biantara sabab nambahan éndah kana komposisi biantara. Cutatan nu ditepikeun kudu saluyu jeung eusi pedaran.

6. Méré ilustrasi nu ngarupakeun conto tina téma caritaan. Ilustrasi bisa ngarupakeun carita nu **narik perhatian** (ngirut) pamiarsa.

7. Nerangkeun maksud eusi carita nu sabenerna. Ieu hal bakal méré kesan éfektif kana biantara urang.

8. Méré pamuji nu ngaregepkeun

Pujian nu éfektif nya éta pujian nu wajar, ihlas, jeung teu kaleuleuwihi. Ku lantaran pamuji, nu biantara bakal ninggalkeun pamiarsa dina kaayan sugema, kitu deui sabalikna.

9. Nutup biantara ku lulucon

Nutup biantara ku lulucon mangrupa cara nutup biantara anu hésé dibandingkeun jeung cara sejenna. Tapi lamun cara ieu hasil, nu biantara bakal ninggalkeun pamiarsa dina kaayaan seuri nu méré **kesan** jero pikeun pamiarsa.

Cara-cara nutup biantara, boh anu dijentrekeun ku Évendhy boh ku Rahkmat, bakal nagtukeun hadé gorengna biantara. **Kesan** utama ti pamiarsa bakal muncul timimiti nyarita, kitu deui dina pamungkas carita. Ku lantaran kitu, leiwih hadé **kesan** mimiti dipiara, kalawan ditutup ku caritaan nu pikaresepeun. Ku cara kitu, eusi biantara bakal hadé katarima kunu ngaregepkeun.

Hal penting sejenna dina mungkas biantara, nya éta urang kudu sasadu menta dihampura ka pamiarsa. Hal ieu ngajaga kamungkinan bisi aya omongan atawa paripolah urang nu matak nyigeung nu ngaregepkeun.

2.5.3 Latihan ku Sora Ngoncrang

Saméméh prakna biantara dilaksanakeun di hareupeun jalma réa, alusna, nu rék biantara ngayakeun latihan heula. Latihan dilaksanakeun sangkan dina prakna biantara, nu rék biantara bisa nyarita kalawan lancar. Ku ngayakeun jeung seringna latihan, nu biantara bisa manggihan cara jeung gaya nu cocog jeung jinisna.

Ngayakeun latihan bisa dilaksanakeun di alam bébas atawa di rohangan. Hal anu geus ilahar dilaksanakeun, nya éta ngalatih vokal jeung volume sora, biasana sok di sisi basisir atawa di tempat terbuka séjenna, sangkan nu rék biantara bisa ngukur kamampuh jeung kakuatan sorana. Di jero rohangan biasana latihan sok dibantu maké kaca eunteung. Hal ieu dilaksanakeun

sangkan nu rék biantara bisa niténan nu aya patalina jeung **panampilan**, gaya dina biantara, jeung prak-prakanana biantara.

Dina latihan ogé perlu merhatikeun naha biantara atawa nyarita téh dihareupeun kelompok leutik atawa dihareupeun kelompok gedé. Hal ieu téh penting, sabab aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun dina prakna tampil.

1. Biantara Hareupeun Kelompok Leutik

Dina mawakeun biantara di hareupeun kelompok anu jumlahna leutik, ayah al-hal anu perlu diperhatikeun, diantarana:

a. Tindak tanduk/réngkak paripolah

Pamiarsa nu rék ngaregepkeun biantara téh lain ngan saukur rék ngaregepkeun sorana wungkul, tapi bari hayang nempo kumaha réngkak paripolah jeung tindak-tanduk nyaritana. Ku kituna, nu biantara kudu bener-bener nembongkeun kamampuh dirina. Hal ieu ngandung harti, yén komunikasi nu dilakukeunana téh lain ngan saukur ngaliwatan omongan wungkul, tapi ogé ngaliwatan gerak anggota badan, upamana baé sorot panon, paroman, obahna leungeun, jeung sajabana.

b. Téhnik Nyarita

Téhnik nyarita bakal nangtukeun hadé gorengna biantara. Nu rék biantara kudu bener-bener mahér ngagunakeun basa nu bener tur hadé sarta nyaho kudu kumaha jeung lebah mana manehna kudu nyrita halon, anca, ngoncrang, bedas, jeung saterusna.

c. Transisi

Dina komposisi lisan, transisi tina subtopik hiji kana subtopik séjén, bisa dilaksanakeun ngaliwatan cara:

- 1) sanggeus réngsé nepikeun hiji subtopik, nu biantara ngarandeg heula saméméh nepikeun subtopik saterusna;
- 2) dina nepikeun subtopik nu anyar, nu biantara méré panganteur ngaliwatan kalimah-kalimah; jeung
- 3) transisi ogé bisa ditandaan ku parobahan sikep, tina sikep diuk kana sikep nangtung, tina alat peraga nu geus dipaké kana alat peraga anyar.

d. Alat peraga

Nu biantara bisa maké alat Bantu naha mangrupa *film, gambar, proyéktor, tapé récordeur*, jeung sajabana sangkan leuwih ngajéntrékun eusi pedaran.

Hal-hal anu kasebut téh perlu diperhatikeun lamun rék nyanghareupan biantara, boh dina kelompok leutik boh dina kelompok gedé.

2. biantara hareupeun kelompok gedé

Hal-hal anu kudu diperhatikeun dina biantara di hareupeun kelompok gedé, di antarana:

a. Bubuka

Saméméh prakna biantara, nu rék biantara alusna ngaanalisis heula situasi jeung kaayaan pamiarsa. Dina prakna biantara ogé, nu nyarita ulah langsung medar matéri, tapi sasadu heula nganuhunkeun sarta ngahubungkeung antara situasi nu aya (atawa biantara saméméhna) jeung biantara nu ku urang rék ditepikeun.

b. Gancangna nyarita

Ngatur gancangna nyarita jeung ngatur volume sora, kudu diluyukeun jeung kaayaan jumlah nu ngaluhan, gedéna rohangan, sarta gampang héséna pedaran. Beuki loba nu ngaluhan, cara nyarita ogé kudu leuwih anca.

c. Artikulasi

Nu biantara kudu bener-bener ngusahakeun sangkan artikulasi salilana jelas pikeun pamiarsa. Perlu dicatet, yén beuki loba nu ngahadiran kamungkinan pikeun ayana *gangguan* beuki gedé.

Hal-hal anu kasebut diluhur téh perlu meunang panitén lamun rék nyanghareupan biantara boh dina kelompok gedé boh dina kelompok leutik. Tapi lamun hal-hal anu kudu meunang panitén ku nu rék biantara geus kacangking mah, bisa mahanan sarta numuwuhkeun rasa percaya diri nu gedé ka nu rék biantara. Hartina, dina prakna biantara geus moal galider deui.

2.6 Aspék Kabasaan jeung Nonkabasaan dina Biantara

2.6.1 Aspék Kabasaan

2.6.1.1 Nerangkeung poko pedaran

Nerangkeun poko pedaran nu aya dina biantara raket patalina jeung eusi biantara. Eusi biantara ngandung, kudu bubuka, eusi jeung panutup sangkan nyumponan sarat-sarat biantara nu hadé. Dina nerangkeun poko-poko anu rék dipedar ogé geus tangtu moal jauh tina naon-naon nu geus diajangkeun ti saméméhna. Nu penting, nu rék biantara kudu jejem kana naon-naon nu geus diajangkeun ti saméméhna. Maksudna, poko pedaran nu kudu aya dina bubuka kudu ditepikeun dina waktu bubuka. Nu kudu ditepikeun dina bagian eusi, tepikeun dina waktuna. Kitu deui dina mungkas biantara, nepi ka biantara urang téh katembong méréléna.

Dina bubuka, nu biantara kudu sasadu heula, saperti ngalisankeun salam, ngahaturkeun nuhun, boh kaprotokol anu geus méré kasempetan pikeun cumarita di hareupeun pamiarsa, boh ka sakabéh nu ngaluuhan dina éta acara. Cindekna, dina bubuka nu biantara kudu bisa ngirut panitén pamiarsa.

Nu biantara dina medar eusi kudu dumasar kana tiori-tiori nu geus aya. Upamana, sangkan eusi biantara teu karasa monoton, nu biantara bisa nyelapkeun lulucon pikeun ngirut simpati pamiarsa sangkan ulah resmi teuing. Lamun alas lulucon kalobaan teuing, bakal ngarobah suasana jadi acara lawak.

Dina nepikeun eusi biantara, di sagigireun urang kudu merhatikeun volume sora, nu biantara ogé kudu merhatikeun utamana basa anu digunakeun. Diksi anu pinilih, praktis, nyingkahan kecap-kecap anu sinis, kritikan-kritikan nu seukeut tur pabeulit, bakal mawa rasa betah pamiarsa pikeun ngaregepkeun.

Cindekna, dina nerangkeun poko-poko pedaran, nu biantara kudu maké bubuka, eusi, jeung panutup. Sarta dina nerangkeung jejer, kudu tétéla jeung imeut. Lian ti éta, bahasan nu rék dipedar kudu kacangking, nepi ka dina medarna bisa kalawan mérélé, nyarambung, tur merenah.

2.6.1.2 Wirahma Nyarita jeung Lapal Nyarita

Nurutkeun Kamus Umum Basa Sunda (1990:564) yén nu dimaksud wirahma atawa irama (malayu) téh nya éta salah sahiji sarat lagu, supaya ngeunah dilagukeunana sarta ngeunah kadéngéna. Lamun wirahma ieu keuna kana biantara, tangtu nu dimaksud wirahma téh wirahma nyarita. Naha wirahma nyaritana téh anca, merenah randeganana atawa rusuh bari jeung teu merhatikeun lagu kalimah.

Biantara nu hadé nya éta biantara anu puguh lagu kalimahna, puguh randeganan, nepi ka pamiarsa ngarasa kataji jeung teu ngarasa bosen pikeun ngaregepkeunana. Sedengkeun nu dimaksud lafal, Harimurti Kridalaksana (1984:112) méré watesan nya éta “Lafal (pronunciation) adalah cara seseorang atau sekelompok orang dalam suatu masyarakat bahasa mengucapkan bunyi bahasa”.

Cara biantara nu alus téh nya éta anu dina cara nyaritana merhatikeun kana lafalna. Sedengkeun anu dimaksud lafal nu bener nya éta tekanan sora geus deukeut atawa keuna kana aturan nu baku (teu kaciri pangaruh ti basa deungeun). Umpamana baé salah saurang jelema lamun rék ngedalkeun kecap /*lédeng*/ ulah pahili jeung kecap /*édéng*/ atawa /*kecap* jadi /*kécap*/. Nyebut /*cicaheum*/ ulah kadéngé sora /*cicahem*/ atwa /*cibeureum*/ ulah kadéngé sora /*ciberem*/. Kitu deui lamun rék ngedalkeun kecap-kecap anu asalna tina kecap-kecap asing. Contona baé ngedalkeun kecap /*istgfar*/ ulah kadéngé kecap /*istigpar*/, atawa ngucapkeun kecap /*fajar*/ ulah kadéngé kecap /*pajar*/, jeung sajabana.

Cindekna, nu biantara dina ngucapkeun kecap-kecap boh kecap anu asalna tina basa urang., boh kecap anu asalna tina basa deungeun, lafalna téh kudu bener di sagigireun kudu merhatikeun ogé wirahma nyaritana.

2.6.1.3 Intonasi dina Biantara

Kridalaksana (1984:72) nétélakeun yén nu dimaksud intonasi téh nya éta “pola perubahan nada yang dihasilkan pembicara pada waktu mengucapkan ujaran atau bagian-bagiannya”. Leuwih jéntré deui pamanggih Sitindoan (1984:36) anu nétélakeun yén nu disebut intonasi téh nya éta:

“Intonasi adalah lagu kalimat yang menyertai arus ujaran dalam bahasa tuturan (bahasa lisan).dalam kebanyakan bahasa intonasi dapat menggambarkan apakah si pembicara dalam keadaan marah, gembira, sedih dan sebagainya. Juga dapat menunjukkan apa sebuah kalimat berbentuk berita, perintah, atau pertanyaan”.

Tina dua pamadegan tadi bisa dicindekkeun yén dina tujuanna mah kadinya-dinya kénéh, nya éta lamun urang nyarita téh kudu puguh randeganana jeung lentongna. Upamana, lamun ngedalkeun kalimah nanya, lentongna téh kudu sora nanya. Lamun ngedalkeun kalimah wawaran, lentongna téh kudu sora ngawawarkeun. Kitu deui, upama arék nyarita anu sipatna sedih, nada-nada kalimah atawa caritaan téh kudu ngagambarkeun kaayaan sedih. Nyarita nu

sipatna gumbira, nada-nada kalimah atawa caritanana ogé kudu ngagambarkeun kaayaan gumbira, jeung sajaban.

Jadi kacindekanan, dina nyarita téh kudu bener lentongna atawa intonasina, randeganana, sarta kudu écés tanda bacana/pungtuasina. Salian ti éta, dina keur biantara téh nyarita kudu anca, ulah rusuh teuing. Maksud kalimah demi kalimah kudu puguh tujuana jeung eusina. Lamun biantara rusuh teuing, salian ti kunu ngaregepkeun moal bener-bener kabandungan, tujuan urang biantara urang ogé moal kahontal.

2.6.1.4 Volume Sora

Dina keur biantara sangkan caritaan anu ditepikeun ku urang kadéngéna atra, volume sora téh kudu bedas. Maksud bedas di dieu, lain harti bedas kudu gogorowokan, tapi ngoncarng sakumaha bedasna sora dina keur biantara nu sopan. Nu penting, sora nu keur biantara kadéngé atra ku sakabéh nu ngahadiran. Komo lamun teu maké *pangeras suara* mah, sora téh kudu ngoncrang pisan. Ulah nepi ka nu ngaregepkeun nu aya dipangtungtungna ngarasa kasiksa alatan sakabéh omongan anu ditepikeun kunu biantara teu atra kadéngéna.

Cindekna, sora nu dipaké kunu biantara téh kudu kadéngé ku sakur nu ngaregepkeun. Lian ti éta, nu biantara dina ngucapkeun kalimah-kalimahna, volume sora téh kudu atra tur écés sangkan nu ngaregepkeun ngarasa sugema jeung sumanget dina ngabandungana.

2.6.1.5 Milih Kecap atawa Diksi

Kéraf (1984) nétélakeun yén anu disebut diksi téh nya éta:

“Pertama, pilihan kata atau diksi mencakup pengertian kata-kata mana yang dipakai untuk menyampaikan suatu gagasan, bagaimana membentuk pengelempokan kata yang tepat atau menggunakan ungkapan-ungkapan yang tepat, dan gaya mana yang paling baik dipergunakan dalam suatu situasi. Kedua, pilihan kata atau diksi adalah kemampuan membedakan secara tepat nuansa-nuansa makna dari gagasan yang ingin disampaikan, dan kemampuan untuk menemukan bentuk yang sesuai dengan situasi dan nilai rasa yang dimiliki kelompok masyarakat pendengar. Ketiga, pilihan kata yang tepat dan sesuai

hanya dimungkinkan oleh penguasaan sejumlah besar penguasaan kosakata atau perbendaharaan kata bahasa itu”.

Tina pamadegan Kéraf di luhur, bisa dicindekeun yén diksi atawa milih kecap jeung ngolah kecap téh nya éta kamampuh milih kecap-kecap, gaya basa, ungkapan, sarta parigel ngabedakeun makna tina gagasan nu sakirana luyu jeung situasi sarta nilai rasa masarakat.

Milih kecap dina keur biantara ogé saeutikna kudu kitu. Anu biantara kudu bisa ngareka carita maké basa nu ngaguluyur diuwuhan ku tiori-tiori. Eusi biantara samodél kitu, bakal babari kabandinganana kunu ngaregepkeun.

Glén R. Caap anu dicutat ku Rakhmat nétélakeun katangtuan-katangtuan cara milih kecap dina biantara. Disebutkeun, yén basa lisan kudu ngagunakeun kecap-kecap anu *écés*, *tepat*, jeung ngirut atawa ngahudangkeun pikeun nu ngaregepkeun.

Cindekna, biantara tawa nyarita di hareupeun jalma réa, kudu maké basa nu bener aturanana. Lian ti éta, kudu diuwuhan ku kecap-kecap nu matak ngirut tur bisa nambahan pangaweruh nu ngaregepkeun. Nu biantara ogé kudu bisa milih keca-kecap, mamamis basa, ungkapan sarta kalimah anu bisa ngajéntrékeun harti tina gagasan anu ditepikeun, anu sakirana luyu jeung suasana sarta nilai rasa nu ngaregepkeun

2.6.1.6 Ragam Basa

Nurutkeun Kridalaksana (1992:165) nu dimaksud ragam basa téh nya éta

“Ragam basa yaitu variasi bahasa menurut pemakaian yang berbeda-beda, menurut topik yang dibicarakan, menurut hubungan pembicara, kawan pembicara, dan orang yang dibicarakan, dan menurut medium yang dibicarakan.”

Leuwih spésifik, Kridalaksana nétélakeun ngeunaan ragam basa anu dipaké dina biantara nya éta ragam pidato (*oratorical speech*) adalah “ragam basa yang dipakai dalam situasi dan keperluan yang amat resmi.”

Dumasar kana pamadegan di luhur, bisa dicindekeun yén dina milih basa nu rék digunakeun dina biantara kudu telik pisan sarta bisa katitén kabakuanana. Naha basa nu digunakeun téh geus baku/resmi atawa naha masih kénéh aya sumelapna basa-basa nonbaku (basa wewengkon/dialék, basa lian anu can baku dina basa Sunda)

2.6.1.7 Struktur Kalimah

Kalimah-kalimah nu dipaké dina biantara nya éta kalimah nu strukturna geus bener nurutkeun aturan tata basa sarta komunikatif. Bener nurutkeun aturan tata basa ngandung harti teu kaselapan ku struktur basa lian, luyu jeung kaédah basa nu geus ditangtukeun. Upamana baé lamun rék biantara maké basa Sunda, struktur kalimah nu dipaké kudu struktur kalimah basa Sunda ulah kaselapan ku struktur basa Indonesia. Komunikatif ngandung harti kalimah-kalimah nu digunakeun bisa kalawan gampang kaharti kunu ngaregepkeun.

2.6.2 Aspék Nonkabasaan

2.6.2.1 Kawani/sumanget

Rasa kawani téh nya éta ayana kasanggupan pikeun nyanghareupan hiji hal. Biasana kawani timbul lamun geus aya kasayagaan ti anggalna. Rasa kawani dina biantara miboga andil anu kacida gedena pikeun kasuksesan biantara. Rasa kawani bakal, timbul alatan ku rasa biasa. Rasa biasa diipuk ku latihan nu taya kendatna.

2.6.2.2 Kalancaran Nyarita

Panyatur anu nyaritana lancar, bakal ngagampangkeun pihak pamiarsa pikeun nyangking eusi pedaran. Dina biantara, moal kapanggih sumelapna sora eu..eu..eu anu ngaganggu kalancaran biantara. Ieu hal, bisa ditarékahan ku jalan asakna tahap tatahar jeung kerepna frékwensi latihan

2.6.2.3 Katatagan Nyarita

Katatagan nyarita raket patalina jeung kasiapan diri nu rék biantara. Kasiapan diri bisa diipuk ku jalan kerepna ngayakeun latihan. Lamun rasa percaya diri geus kapimilik, pedaran geus kacangking, dina prakna biantara bakal lancar nu nimbulkeun katatagan dina cara nyaritana.

2.6.2.4 Mimik (paroman) jeung Sikep

Mimik jeung peta anu luyu jeung eusi pedaran, bakal ngarojong kana éféktif heuteuna biantara. Hal-hal penting anu perlu ditandeskeun biasana sok dibarengan ku gerak anggota badan (utamana leungeun) jeung paroman.

Dina lebah sikep ogé nu biantara kudu nembongkeun sikep pribadi nu hadé, tenang, ayem, heunteu kagok, jeung teu umangkeuh. Éta téh gedé gunana sangkan pamiarsa ngarasa simpati.

2.6.2.5 Panalaran/rélevansi

Dina prakna nepikeun eusi pedaran, antara poko pedaran nu hiji jeung poko pedaran séjénna kudu miboga hubungan nu logis. Prosés mikir pikeun nyieun jeung nepikeun kacindekan ogé kudu logis. Ieu hal, ngandung harti yén hubungan antara bagian-bagian kalimah, hubungan antara kalimah jeung kalimah, kudu logis sarta nyoko kana poko pedaran.

2.6.2.6 Ngawasa Topik

Dina situasi nyarita formal téh kudu bener-bener miharep kasayagaan nu maksimal. Ari tujuanana nya éta sangkan topik nu dipilih téa enya-nya kacangking. Ku cara kitu nyarita téh bakal leuwih wani jeung leuwih lancar. Cindekna, ngawasa topik téh kacida pentingna ngarah dina prakna biantara leuwih lancar.